



NY State of Health ka ede ou konprann novo asistans finansyè a, mete ajou kantite lajan kredi taks ou, epi achte ak chwazi yon plan asirans sante pou ou.

Kontakte NY State of Health:

-  Konekte sou entènèt nan: [yst nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov)
-  Rele Sant Sèvis Kliyantèl la nan nimewo: **1-855-355-5777**
 (TTY: 1-800-662-1220)

-  Jwenn èd gratis nan men yon moun k ap ede pou Enskripsyon an. Jwenn youn nan: [info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor](https://nystateofhealth.ny.gov/findassistor)

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Plan Sekou Ameriken an, tanpri vizite: <https://info.nystateofhealth.ny.gov/AmericanRescuePlan>

Plan Sekou Ameriken an Bese Pri Asirans Sante pou pifò moun k ap viv Nouyòk

Konprann Nouvo Asistans Finansyè a

- Yo te siyen lwa sou Plan Sekou Ameriken an 11 Mas 2021. Li gen ladan novo ak pi gwo asistans finansyè pou moun k ap viv Nouyòk ki enskri nan asirans sante atravè NY State of Health.
- Asistans finansyè sa a disponib pou moun **ki fenk ap enskri aktyèlman yo, sa gen ladan moun ki gen yon revni ki wo pou premye fwa**.
- Pi gwo kredi taks yo disponib **kounye a** pou Nouyòkè ki gen revni ba oswa revni pasab yo. Pou yon gress moun, sa a se yon revni ki rive jiska 51 040 dola pou chak ane. Pou yon fanmi ki gen kat moun, sa se yon revni ki rive jiska 104 800 dola pa ane.
- Apati mwa **jen**, novo kredi taks yo ap disponib pou Nouyòkè ki gen revni ki pi wo pase montan sa yo.
- Siveye avi ak imèl NY State of Health ap voye pou fè w konnen kilè chanjman sa yo ap fèt epi kisa w ap bezwen fè.

NY State of Health respekte lwa federal anrapò ak dwa sivil ak lwa Eta yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi dorijin, kwayans / reliyon, sèks, laj, sitiyasyon matrimonyal / sitiyasyon fanmi, andikap, kondisyon ki gen rapò ak gwo sès, dosye arrestasyon, kondanasyon kriminèl (yo), idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon genetik, kondisyon militè, viktim vvolans domestik ak / oswa vanjans.

Plan Sekou Ameriken an Bese Pri Asirans Sante pou pifò mounk ap viv Nouyòk

Men sa ou bezwen fè:

Si ou deja enskri nan yon plan nan NY State of Health epi w ap resevwa asistans finansyè:

- Ou kalifye kounye a pou jwenn plis asistans finansyè.
- NY State of Health ap voye lèt nan kòmansman avril la ak nouvo montan kredi taks ogmante w la. Swiv enstriksyon yo nan lèt la pou mete ajou kantite lajan kredi taks ou a.
- Si ou pa mete ajou kantite lajan kredi taks ou nan mwa jen an, NY State of Health ap ogmante li otomatikman pou ou. W ap gen posibilite pou fè chanjman lè ou konekte nan kont NY State of Health ou a, lè w kontakte moun k ap ede w pou enskripsyon an, oswa lè w rele 1-855-355-5777.

Si ou te kòmanse yon aplikasyon NY State of Health men ou pa enskri nan yon plan sante:

- Si yo te di ou ou te kalifye pou asistans finansyè, ou kapab kalifye kounye a pou resevwa plis. Retounen konekte sou kont NY State of Health ou a kounye a epi tcheke pou wè si ou kalifye pou pi gwo kredi taks, lè sa a achte epi chwazi yon plan asirans.
- Si yo te gentan di w pa kalifye pou asistans finansyè, ou kapab kalifye kounye a pou sa. Retounen konekte sou kont NY State of Health ou a nan mwa jen epi tcheke pou wè si ou kalifye pou pi gwo kredi taks, lè sa a achte epi chwazi yon plan asirans.

Si ou deja enskri nan yon plan nan NY State of Health epi ou pa resevwa asistans finansyè:

- Ou Kapab Kalifye kounye a pou kredi taks avanse.
- Nouvo kredi taks sa yo ap disponib apati mwa jen. NY State of Health ap voye ba ou yon lèt ki konfime nouvo montan kredi taks ou a. Enstriksyon sou fason pou aplike kredi taks ou yo ap disponib nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/AmericanRescuePlan>

Si ou pa enskri nan yon plan nan NY State of Health epi ou pa t janm kòmanse yon aplikasyon:

- Aplike kounye a nan nystateofhealth.ny.gov pou konnen pou kisa ou kalifye. Pifò Nouyòkè kalifye pou asirans kip a koute anpil kòb oswa asirans ki gratis. Gen asistans finansyè avanse ki disponib kounye a si ou gen yon revni pi ba oswa pasab (jiska 51 040 dola chak ane pou yon gress moun, oswa jiska 104 800 dola chak ane pou yon fanmi ki gen kat (4) moun).
- Si ou gen yon revni ki pi wo (plis pase 51 040 dola chak ane pou yon gress moun, oswa plis pase 104 800 dola chak ane pou yon fanmi ki gen kat) moun, avantaj sa yo ap disponib atravè NY State of Health la apati mwa jen.